

# 7 me

**Tout bagay ki vre, tout bagay ki respektab, tout bagay ki jis, tout bagay ki pwòp, tout bagay ki bèl, tout bagay ki kòrèk,... ebyen se sou yo pou nou mete lide nou.** Filipyen 4. 8

## **Kesyon valè**

Nan yon konvèsasyon, yon jounalis di konsa : “Nan kesyon valè nou yo, nou nan yon peryòd ki pa sèten”. Li t ap pale de valè moral nou yo, sa ki dirije konpòtman nou nan sosyete a. Nan peyi ki plizoumwen kretyen yo, pifò nan valè sa yo chita sou Bib la. Jodi a, yo kesyone tout bagay sa yo poutèt yo mete akote epi abandone Bondye ak pawòl li. Epoutan, Bib la rete depi plizyè milye lane, yon gid ki si.

Jezi te di Papa I : “Pawòl ou se verite” (Jan 17. 17). Li gen ladan l menm pawòl ki pwouve sa, paske “Bondye soufle sou Lekriti epi yo itil pou anseye moun, pou fè moun obsèvasyon...” (2 Timote 3. 16).

Lè ou koute l, ou vin gen lafwa, paske lafwa soti “nan sa ou tandè sou pawòl Bondye” (Women 10. 17) : nou kwè nan Jezi ki pote pou nou ak kwa li an, padon ki soti nan Bondye ak tout benediksyon sa pote. Nou konnen Bondye se yon Bondye lanmou. Nou dekouvri valè yo, Bondye apresye yo, yo tout nan moun ak nan zèv Pitit li renmen anpil la. Li envite kretyen yo pou yo pa sere trezò sa pou yo sèl men pou yo viv karaktè Jezi yo, epi pou fè yo briye nan monn sa.

“Anplis lafwa nou, se pou nou ajoute bon kalite. Epi, ajoute konesans sou bon kalite a. Epi, ajoute disiplin sou konesans lan. Epi, ajoute devosyon sou andirans lan. Epi, ajoute lanmou pou frè nou sou devosyon an. Epi, ajoute lanmou sou lanmou pou frè yo” (2 Pyè 1. 5-7).

# 7 mai

**Tout ce qui est vrai, tout ce qui est honorable, tout ce qui est juste, tout ce qui est pur, tout ce qui est aimable, tout ce qui est de bonne réputation,... que cela occupe vos pensées.** Philippiens 4. 8

## **Question de valeurs**

Au cours d'un entretien, un éditorialiste déclarait : "Nous sommes passés dans une période d'incertitude quant à nos valeurs". Il parlait de nos valeurs morales, celles qui gouvernent notre comportement dans la société actuelle. Dans les pays christianisés, ces valeurs s'appuyaient en grande partie sur la Bible. Aujourd'hui, tout cela est remis en cause lorsque Dieu et sa Parole sont délaissés et ignorés. Pourtant, la Bible reste, depuis des millénaires, un guide sûr.

"Ta Parole est la vérité", disait Jésus à son Père (Jean 17. 17). Elle a en elle-même les arguments qui le prouvent, étant "inspirée de Dieu, et utile pour enseigner, pour convaincre..." (2 Timothée 3. 16).

L'écouter fait naître la foi, qui vient de "ce qu'on entend par la parole de Dieu" (Romains 10. 17) : nous croyons en Jésus qui nous apporte, par sa croix, le pardon divin et toutes les bénédictions qui en découlent. Nous connaissons Dieu comme un Dieu d'amour. Nous découvrons les valeurs que Dieu apprécie, toutes contenues dans la personne et l'œuvre de son Fils bien-aimé. Les croyants sont alors invités à ne pas garder ce trésor pour eux-mêmes mais à vivre les caractères de Jésus, et à les faire briller dans ce monde.

"Joignez à votre foi, la vertu ; à la vertu, la connaissance ; à la connaissance, la maîtrise de soi ; à la maîtrise de soi, la patience, la piété ; à la piété, l'affection fraternelle ; et à l'affection fraternelle, l'amour" (2 Pierre 1. 5-7).